

TÈS KOWONAVIRIS (COVID-19) AK SWEN LAKAY POU PASYAN CHA AK MANM KOMINOTE A

Tès ak Swen Lakay:

N ap fè tès pou ou pou COVID-19 (kowonaviris). Enfòmasyon sa yo pral ede w okipe tèt ou, fanmi w ak tout kontak pwòch ou pandan w ap tann rezilta yo.

Rezilta Tès yo:

Rezilta w yo ap disponib disi 5 jou apre tès ou a.

Si w gen MyChart, pòtay pasyan CHA a, w ap kapab gade rezilta w yo la. Si w pa gen kont, tanpri chèche yon imèl CHA ap voye avèk kòm sijè "Signup information for MyChart." Konsa w ap kapab jwenn rezilta w yo pi vit.

Pasyan CHA yo pral resevwa yon koutfil nan men ekip Swen Primè yo pou ba yo rezilta yo.

Manm Kominote a pral resevwa yon koutfil nan men Depatman Sante Piblik yo a. Si w poko resevwa rezilta w yo apre 5 jou, ou kapab rele nimewo Rezilta Tès COVID CHA a nan 617-665-1102 epi kite yon mesaj pou yo retounen apèl ou a.

Pou pran swen tèt ou:

Pa gen tretman espesyal pou kowonaviris nan moman an. Menm jan ak pou lòt maladi, pi bon bagay ou kapab fè se pran repo epi pa bliye bwè ase fliyid. Si w gen lafyèv oswa doulè, kòmanse pa pran Tylenol (asetaminofèn). Si Tylenol la pa mache ou kapab pran NSAID tou (ibipwofèn, napwoksèn, oswa lòt anti-anflamatwa ki pa gen estewoyid) depi doktè w pa di w pou w evite NSAID. Tanpri pran lòt medikaman yo preskri w tou sòf si yo di w non.

Si w gen sentòm, tanpri rete lakay ou jiskaske w resevwa rezilta tès ou a. Jiskaske w resevwa rezilta tès ou a, oswa sentòm ou yo ale nèt, tanpri suiv konsèy sa yo:

- **Rete Lakay ou.** Pa kite lakay ou sòf pou resevwa swen medikal. Pa al ni nan travay, ni lekòl, ni kote piblik, ni nan magazen. Pa pran transpò piblik, tankou otobis oswa metwo. Pa envite ni zanmi ni fanmi vin lakay ou sòf si sa absoliman nesèsè.
- **Chèche Swen Medikal.** Pandan kèk jou k ap vini yo, ou gen dwa santi w pi byen, men gen dwa gen jou kote w santi w pi mal. Si w kòmanse santi w pi mal oswa si w gen bagay k ap trakase w, oswa si yon moun ki rete lakay ou vin gen sentòm, tanpri rele swen primè w. Si gen ijans, toujou rele 911.
- **Pwoteje Tèt ou.** Rete nan yon sèl pyès nan kay la poukont ou. Kite fenèt la ouvè si w kapab. Sèvi avèk yon saldeben apa si w kapab. Lave men w souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Evite manyen figi w, bouch ou, je w, ak nen w. Touse oswa etènye nan yon mouchwa papye.
- **Kenbe Tout Bagay Pwòp.** Pa sèvi ak menm afè pèsònèl (tankou bwòs) avèk lòt moun. Pa sèvi ak menm atik kizin (asyèt, goblè, ajantri) ni ak menm sèvyèt/dra avèk lòt moun. Netwaye tout sifas ou manyen tankou manch pòt, wobinè saldeben, twalèt, telefòn, lanp ak bouton limyè omwen yon fwa pa jou.

Fanmi w ak kontak pwòch ou:

Moun ki rete avè w yo oswa ki travay sere avè w gen risk pou yo gen COVID-19 si w genyen l. Moun ki rete lakay ou yo dwe rete lakay pandan 14 jou apati de premye jou sentòm ou yo. Yo pa dwe al ni nan travay ni lekòl. Si w te nan travay oswa yon lòt kote pandan w te gen sentòm, moun ki te gen kontak pwòch avè w (tankou nan menm biwo) dwe rete lakay yo pandan 14 jou tou.